

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Dina ieu bab dipedar ngeunaan naon waé nu patali jeung métode panalungtikan, nyaéta (1) desain panalungtikan, (2) data jeung sumber data panalungtikan, (3) instrumén panalungtikan, (4) téhnik ngumpulkeun data, jeung (5) téhnik ngolah data.

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan kualitatif, kalawan maké métode déskriptif. Panalungtikan kualitatif bisa dihartikeun minangka data hasil panalungtikan dituliskeun dina wangun kecap, kalimah, wawacan, jeung gambar. Hasil tina panalungtikan kualitatif téh ilaharna boga ma'na jeung harti husus, patali jeung panalungtikan nu keur lumangsung, saperti data ngeunaan sawangan masarakat kana hiji kajadian di daérah nu tangtu (Nasution, 2023, kc. 11). Data nu dikumpulkeun dina wangun omongan nu teu patali atawa nyindekel kana angka. Lian ti éta ogé, panalungtik kudu boga kaparigelan nu diperlukeun, sangkan panalungtikanana boga kualitas nu hadé jeung bisa dipaké pikeun kapentingan kamekaran élmu pangaweruh atawa widang séjén nu luyu dumasar masalah nu keur ditalungtik (Suci, 2020, kc. 10). Saluyu jeung pamarekan kualitatif, dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif. Ari métode déskriptif téh nyaéta métode nu ngadéskripsikeun data dumasar situasi, sikep, jeung sawangan nu keur lumangsung di masarakat (Rusandi & Muhammad Rusli, 2021, kc. 3). Tujuan tina ieu métode téh, nyaéta méré gambaran sacara lengkep ngeunaan hiji kajadian atawa boga maksud pikeun ngapasing-pasing (klasifikasi) hiji kajadian nu keur lumangsung, ku cara ngadéskripsikeun sababaraha variabel dumasar masalah nu keur ditalungtik (Rusandi & Muhammad Rusli, 2021, kc. 31). Nu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan téh, nyaéta data omongan dina kumpulan carpon *Teu Tulus Paéh Nundutan* nu ngandung prinsip rempug jukung (kooperatif).

Dumasar kana pamarekan jeung métode, dina ieu panalungtikan perlu disusun desain panalungtikan. Desain panalungtikan, boga fungsi jeung tujuan pikeun méré gambaran atawa jadi dadasar panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikan. Lian ti éta ogé ku ayana hiji desain, panalungtikan bisa lumangsung kalawan ngaruntuy tur sistematis. Désain panalungtikan mangrupa stratégi nu dilarapkeun ku panalungtik dina matalikeun sakabéh unsur panalungtikan, kalawan sistematis sangkan bisa leuwih éféktif tur éfisién. Désain panalungtikan patali jeung sakabéh prosés nu dibutuhkeun nalika nyusun rarancang jeung ngalaksanakeun panalungtikan (Silaen, 2018, dina Putri, 2022, kc. 25).

Sangkan nyumponan udagan tina salasahiji panalungtikan, kudu disusun léngkah-léngkah sacara sistematis. Tujuanna pikeun ngatur lumangsungna panalungtikan sacara langsung. Lian ti éta ogé, ku ayana ieu léngkah téh panalungtikan bisa kasusun jeung jelas arahna rék dibawa ka mana. Anapon léngkah tina ieu panalungtikan lengkepna, nyaéta (1) nangtukeun rumusan masalah nu patali jeung prinsip rempug jukung; (2) maca buku kumpulan carpon *Teu Tulus Paéh Nundutan* karya Ki Umbara sacara taliti tur gembleng; (3) ngumpulkeun jeung nganalisis data nu dipasing-pasing atawa dipisahkeun luyu dumasar kana prinsip rempug jukung; (4) nyieun papasingan hasil data analisis dumasar kana prinsip rempug jukung; jeung (5) nyusun kacindekan nu geus dimeunangkeun sabada urang ngaanalisis. Sangkan leuwih teleb desain ieu panalungtikan téh baris dipedar dina ieu bagan dina kaca satuluyna.



Bagan 3.1

Désain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data panalungtikan nyaéta subjék atawa tempat meunangkeun data nu rék dtitalungtik, eusina bisa mangrupa aksara, nomer, gambar atawa simbol lian (Abubakar, 2021, kc. 58). Data panalungtikan dipaké pikeun nyusun sawangan, katerangan nu jelas, jeung bahan nu bisa dipaké dina panalungtikan. Data tina ieu panalungtikan nyaéta omongan-omongan nu ngandung prinsip rempug jukung, nu dianalisis dumasar sumber data nu dipaké. Éta sumber téh bisa mangrupa média lisan, tulisan, audio visual, jeung média séjén nu bisa dijadikeun sumber data panalungtikan. Ieu sumber téh gedé pisan pangaruhna dina panalungtikan, lantaran nangtukeun hal-hal nu baris ditalungtik. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta buku kumpulan carpon *Teu Tulus Paéh Nundutan* karya Ki Umbara nu medal taun 2013 tur dipublikasikeun ku PT. Kiblat Buku Utama. Ieu buku téh kandelna 84 kaca,

nu ngawengku 8 judul carpon lianna. Gedéna ieu buku ampir sarua jeung ukuran kerta A5, nyaéta 14,8 x 21 cm. Ieu buku dikarang ku Ki Umbara, ngaran aslina nyaéta Sandiasmana H. Wiredja Ranasululaksana. Ki Umbara mangrupa pangarang Sunda nu dianggap ‘ahli jurig’ sabab réa pisan karanganana nu nyaritakeun siluman-sileman. Lian ti éta, pangarang ieu buku téh kungsi narima Hadiah Rancagé 1991 pikeun jasa dina mekarkeun sastra Sunda. Anapon data tina ieu panalungtikan téh nyaéta eusi carpon nu ngandung prinsip rempug jukung, salasahijina ngawengku eusi jeung omongan nu aya dina éta carpon. Éta omongan téh dianalisis dumasar kana omongan, maksim-maksim prinsip rempug jukung nu dipatalikeun jeung kontéks situasi, nepi ka bisa dicindekkeun naha éta omongan téh ngarempak atawa ngukuhan prinsip rempug jukung (kooperatif).

Buku kumpulan carpon *Teu Tulus Paéh Nundutan* karya Ki Umbara diwangun ku dalapan carita nu béda-béda eusina, najan alurna mah ampir mirip antara hiji carita jeung carita lianna. Judul-judulna téh ébréh dina ieu tabél di handap.

No.	Judul Carpon	Kaca	Tingkesan
1.	<i>Teu Tulus Paéh Nundutan (TTPN)</i>	7	Nyaritakeun ngeunaan kaayaan jajaka nu geus bingung ku sabab hirupna téh serba susah, tapi sabada dipapatahan ku kiayi atawa jalma pinter di dinya, éta jajaka téh jadi sumanget jeung yakin deui dina ngalakonan hirup.
2.	<i>Anak Kiai Jadi Ronggeng (AKJR)</i>	13	Nyaritakeun ngeunaan anak kiai nu geus lila jadi ronggeng di lemburna. Manéhna téh bisa kasebut ronggeng nu teu loba pamolahna. Ari sababna mah budak kiai. Tapi bakating ku teu sadar, geuning nu milu manggung téh lain ngan saukur jelema hungkul.
3.	<i>Tukang Teluh Jadi Merebot (TTJM)</i>	18	Nyaritakeun ngeunaan jajaka nu pagawéanna téh neluh batur. Dina hiji mangsa manéhna meunang musibah, nyaéta gagal neluh batur nu antukna teluhna balik ka dirina sorangan. Ti dinya manéhna meunang pépéling ti Gusti ngaliwatan babaturanana. Ahirna gawéna téh roba jadi merebot di masigit.

No.	Judul Carpon	Kaca	Tingkesan
4.	<i>Éksamen</i> (<i>Ékm</i>)	26	Nyaritakeun ngeunaan hiji budak nu rék ngilu ujian sangkan meunang béasiswa tur ditarima sakola. Manéhna geus usaha satékah polah nepi ka sagala hal dilakukeun. Ti mimiti nu luyu jeung syariat Islam nepi ka nu teu luyu ogé angger dilakonon. Tungtungna mah angger wéh teu lulus.
5.	<i>Juring Pasir Leutik</i> (<i>JPL</i>)	34	Nyaritakeun ngeunaan jurig nu sok nyingsieunan masakat di daérah pasir leutik. Barang disarungsum mah geuning lain jurig, tapi jalma nu nyamar jadi jurig. Sangkan bisa tingtrim cicing di éta lembur, pédah manéhna téh asalna ti Tionghoa.
6.	<i>Kasarung</i> (<i>Ksr</i>)	46	Nyaritakeun ngeunaan jalma nu sasar lampah pédah émosi sabab digogoréng ku batur. Éta jalma téh teu bisa narima kana hal-hal nu geus dipilampah ku batur ka manéhna, nu antukna jadi salah ménta bantuan ka sétan. Panggih jeung jalma gé wujudna lain manusa, tapi kalah sato.
7.	<i>Nyupang</i> (<i>Nyp</i>)	61	Nyaritakeun ngeunaan jalma nu keur ambeuk ka mitohana, pédah sagala kahirupanana téh ngan hayo wéh dikoméntaran. Kurang itu, kurang ieu padahal mah manéhna geus usaha satékah polah nepi ka geus bingung rék gawé naon deui. Manéhna boga niatan rék maéhan mitohana nepi ka datang ka jalma nu kasebut pinter. Barang geus suksés nyupang mitohana, manéhna lain bagja tapi kalah ngarasa boga dosa nu gedé, sabab mitohana jadi maot gara-gara pamolah manéhna sorangan.

No.	Judul Carpon	Kaca	Tingkesan
8.	<i>Mang Merebot Dipinangsaraya (MMD)</i>	73	Nyaritakeun kahirupan Mang Merebot nu ngalawan Ki Sentak, pédah jadi pamingpin nu teu jujur jeung beuki ngabohong. Ari sababna, rahayat nu asalna hirupna rahaja téh kalah jadi sangsara ku pamolahna Ki Sentak. Mang Merebot ahirna bisa ngéléhkeun Ki Sentak. Manéhna boga harepan sangkan rahayat nu aya di ieu lembur téh bisa raharja salawasna.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta salasahiji cara atawa pakakas nu ilaharna dipaké jeung dipilih ku panalungtik dina ngumpulkeun data, sangkan éta kagiatan téh bisa lumangsung sacara sistematis (Suharsimi Arikunto, dina Makbul, 2021, kc. 18). Ku ayana instrumén, panalungtikan téh bisa lumangsung sacara jelas tur gembheng. Lian ti éta, instrumén bisa mantuan panalungtik sangkan babari nalika rék nganalisis data dumasar kana panalungtikanana. Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta kartu data digital. Ieu instrumén téh dipaké pikeun ngumpulkeun data tina sumber data, nu di mana panalungtik nyalin deui sakabéh omongan kana kartu data digital, tuluy dianalisis jeung ditalungtik dumasar prinsip rempug jukung.

3.3.1 Kartu Data

Eusi tina kartu data téh bisa diluyukeun dumasar kabutuhan unggal panalungtik. Tujuanna sangkan ngababarikeun panalungtik nalika nganalisis data hasil panalungtikan. Unggal kartu data biasana disusun sacara jelas, gembheng, jeung jelas sistematikana (ngaruntuy). Eusi tina kartu data kudu ngawangun sagalarupa hal data nu baris dianalisis dina éta panalungtikan, tujuanna sangkan data nu geus dianalisis téh bisa dipaluruh bebeneranana, luyu jeung henteuna éta data. Eusi tina kartu data diluyukeun jeung hal-hal nu baris dianalisis. Dina ieu panalungtikan, eusi tina kartu datana ngawengku nomer, alfabét, omongan rempug jukung, jeung kode data.

No.	Alfabét	Data Omongan	Kode Data
1.	A	"Aah, maot mah maot baé Jang, da tara aya nu paéh balik deui. Barina gé, saha nu geus nganjang ka pagéto, maké nyaho dijieun tatapakan atawa teteregeng pacilingan sagala. Ayeuna mah, hanyang henteu Ujang beunghar?"	(Nyp/64/44/30)
2.	B	"Bener, tapi meureun mun kami opatan geus maraot, nu hirup kudu pahareup-hareup jeung jurig téh, ngan Mang Aslam wungkul; mangkaning poék batan kieu jeung jauh ka ditu ka dieu. Iiiyyy!"	(JPL/39/97/79)

3.3.2 Instrumén Klasifikasi Data

Dumasar kana kartu data di luhur, data nu kapanggih téh tuluy dipasing-pasing deui eusina dumasar desain panalungtikan nu geus disusun saacanna dina bagéan desain panalungtikan. Tabél omongan-omongan nu ngandung prinsip rempug jukung ébréh dina ieu tabél di handap.

Tabél 3.1
Omongan-omongan nu Ngandung Prinsip Rempug Jukung

No.	Nomer Data	Data & Sumber Data	Kode Data
1.	(001)	Mang Merebot: "Kénging naon ngumbara puluh-puluh taun di dayeuh téh, Gan?"	(TTPN/9/14/3)
	(002)	Ki Pangsiun: "Teu kénging nanaon, Mang! Anak baé gereyek sagenep-genep."	(TTPN/9/15/4)

Keterangan:

001: Nomer data ka-1
14: Paragraf ka-14
TTPN: Judul carita
3: Kalimah ka-3
9: Kaca ka-9

Sanggeus nangtukeun omongan-omongan nu kagolong kana prinsip rempug jukung (kooperatif), tuluy éta data omongan téh dipasing-pasing deui dumasar maksim-maksim omongan prinsip rempug jukung nu diwangun ku maksim jumlah (kuantitas), maksim inajén (kualitas), maksim kasaluyuan (rélevansi), jeung maksim cara. Lengkepna dipedar dina tabel 3.2.

Tabél 3.2
Omongan nu Ngandung Maksim Prinsip Rempug Jukung

No.	No Data	Data & Sumber Data	Klasifikasi			
			MJ	MI	MK	MC
1.	(001)	Mang Merebot: “Kénging naon ngumbara puluh-puluh taun di dayeuh téh, Gan?”			✓	
	(002)	Ki Pangsiun: “Teu kénging nanaon, Mang! Anak baé gereyek sagenep-genep.”				

Keterangan:

MJ: Maksim Jumlah

MK: Maksim Kasaluyuan

MI: Maksim Inajén

MC: Maksim Cara

Sanggeus dipasing-pasing dumasar maksim rempug jukung, tuluy éta data téh dianalisis deui dumasar tingkat kasaluyuan prinsip rempug jukung (kooperatif), nyaéta ngarempak atawa ngukuhan prinsip rempug jukung. Lengkepna dipedar dina ieu tabel di handap.

Tabél 3.3
Omongan nu Ngarempak jeung Ngukuhan Prinsip Rempug Jukung

No.	Nomer Data	Kasaluyuan Prinsip Rempug Jukung	
		Ngarempak	Ngukuhan
1.	(001)		✓
	(002)		

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu stratégis dina panalungtikan, lantaran tujuan utama tina panalungtikan téh nyaéta meunangkeun data. Téhnik dina ngumpulkeun data bisa dilakukeun ngaliwatan dokumentasi (barang-barang tinulis). Nulis data nu geus aya, mangrupa salasahiji cara nu bisa dilarapkeun dina ngumpulkeun data ngaliwatan métode dokumentasi (Hardani, spk., 2020, kc. 151). Dina panalungtikan kualitatif, réa téhnik ngumpulkeun data nu bisa dilarapkeun ku unggal panalungtik. Éta téhnik téh kudu luyu dumasar kana objék nu baris ditalungtik.

Dina ieu panalungtikan téh digunakeun téhnik ulikan pustaka. Téhnik ulikan pustaka, dipaké pikeun ngumpulkeun data omongan nu ngandung prinsip rempug jukung (kooperatif). Léngkah-léngkah pikeun ngumpulkeun data panalungtikan téh baris diébréhkeun di handap.

- a. Nangtukeun heula sumber data nu baris ditalungtik, nyaéta buku kumpulan carpon *Teu Tulus Paéh Nundutan* karya Ki Umbara.
- b. Maca buku kumpulan carpon *Teu Tulus Paéh Nundutan* karya Ki Umbara.
- c. Nyirian data omongan nu ngandung prinsip rempug jukung.
- d. Nyalin data omongan nu ngandung prinsip rempug jukung.
- e. Ngaruntuykeun data omongan sacara alfabétis jeung méré nomer kode data.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Bogdan (dina Nasution, 2023, kc. 131) nétélakeun yén ngolah data dina panalungtikan kualitatif mangrupa salasahiji proses néangan jeung nyusun hasil analisis kalawan sistematis. Data nu dimeunangkeun bisa tina hasil wawancara, catetan lapangan, jeung bahan-bahan séjén, antukna leuwih gampang maham tur bisa ditepikeun ka jalma réa. Ngolah data kualitatif sipatna induktif, nyaéta panalungtikan téh dianalisis dumasar kana data nu dimeunangkeun, tuluy dimékarkeun jadi hipotésis (kacindekan), nu bisa jadi bahan diskusi unggal panalungtik, upama rék ngayakeun panalungtikan nu ampir sarua jeung panalungtikan saméméhna.

Jenis téhnik ngolah data nu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Lantaran, data dianalisis dumasar unsur basa éta sorangan nu aya dina wangun omongan unggal téks. Aya sawatara hal nu kudu diperhatikeun dina téhnik analisis nu sipatna langsung, nyaéta luyu dumasar ma'na atawa harti, ngaganti unit nu leuwih gedé jadi leuwih leutik, dibagi saheureut-heureutna, luyu dumasar stuktur atawa tata basa sacara umum, jeung ilaharna unsur nu pangdeukeutna leuwih diutamakeun. Léngkah-léngkah dina ngolah data téh baris dipedar ieu di handap.

- a. Mariksa deui data omongan nu geus dikumpulkeun.
- b. Nyieun papasingan data omongan rempug jukung dumasar maksim jumlah, maksim inajén, maksim kasaluyuan, jeung maksim cara.

- c. Ngadéskripsikeun data omongan rempug jukung dumasar maksim jumlah, maksim inajén, maksim kasaluyuan, jeung maksim cara.
- d. Nafsirkeun omongan dumasar maksim jumlah, maksim inajén, maksim kasaluyuan, jeung maksim cara.
- e. Nyieun kacindekan dumasar hasil analisis jeung déskripsi.